

CAMP LEJEUNE

Benefis sante ak andikap pou Veteran ak fanmi yo

Nan ane 1980 yo, yo te jwenn kontaminan yo nan plizyè pwi ki te bay dlo pou bwè nan Camp Lejeune, N.C. Kontaminan yo te genyen ladan konpozan òganik temèt trikloretilèn (TCE), pèkloretilèn (PCE), klori vinil, benzèn, ak lòt konpozan yo. Sous prensipal kontaminasyon sa a se te tank depo ki koule sou baz ak aktivite endistriyèl, ak yon netwayaj sèk ki pa nan baz. Yo estime ke kontaminan yo te nan rezèv dlo a soti nan mitan ane 1950 yo jiska Fevriye 1985, lè pwi yo te fèmen.

Benefis pou Veteran Camp Lejeune ak manm fanmi yo gen ladan swen sante pou 15 kondisyon ki nan lis nan Lwa 2012 Onore Veteran Ameriken yo ak Swen pou Fanmi Camp Lejeune. Anplis de sa, Veteran yo ka resevwa benefis andikap ak swen sante pou uit maladi prezime ki asosye ak kontaminan nan dlo a nan Camp Lejeune.

Benefis Swen Sante yo

Veteran ki te sèvi nan Camp Lejeune pou 30 jou oswa plis ant 1953-1987 elijib pou Gwoup Priorite 6 ak aksè a swen sante VA. Pou plis enfòmasyon sou kritè kalifikasyon, vizite <https://www.va.gov/health-care/eligibility/priority-groups/>.

Delè kalifikasyon

Veteran, Gad Nasyonal ak manm rezèv yo, ak manm fanmi ki te rete sou baz la pou omwen 30 jou (kimilatif), ant 1ye Out 1953 ak 31 Desanm 1987 elijib.

Ki zòn yo enkli?

Zòn benefis la gen ladan tout zòn ki nan limit Camp Lejeune ak Marine Corps Air Station (MCAS) New River, jan yo montre sou kat la nan paj 4.

Baz done Dlo Potab Istorik Camp Lejeune

Marine Corps kenbe yon baz done enfòmasyon pou moun ki te ekspozè avèk kontaminan nan dlo potab nan Camp Lejeune ant 1ye Out 1953 ak 31 Desanm 1987.

Pou w ajoute nan Baz Done Notifikasyon Dlo Potab Istorik Camp Lejeune, oswa pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite: <http://www.marines.mil/clwater/>. Ou ka kontakte Sant Apèl Dlo Istorik Camp Lejeune nan (877) 261-9782 oswa imèl clwater@usmc.mil.

Kò Marine yo kontinye ap travay avèk dilijans pou idantifye epi kominike avèk moun ki anrejistre yo lè li voye dènye enfòmasyon yo pa lapòs ak imèl. Tanpri pataje enfòmasyon sou rejis la ak nenpòt moun ki te ka nan Camp Lejeune ant dat ki endike anwo a epi ankouraje yo patisipe.



U.S. Department of Veterans Affairs

Swen Sante pou Veteran ak fanmi yo

Lwa 2012 Camp Lejeune bay Veteran ak manm fanmi yo ki te rete nan Camp Lejeune, ki satisfè egzijans tan sou estasyon ak dat sèvis yo, epi ki gen youn nan kondisyon ki garanti yo pou swen sante ak finansman swen sante.

Kondisyon sante ki kalifye:

- Kansè nan blad pipi
- Kansè nan tete
- Kansè nan ezofaj
- Sterilite fi
- Steyatoz epatik
- Kansè nan ren
- Lesemi
- Kansè nan poumon
- Foskouch
- Myelom miltip
- Sendwòm myelodisplastik
- Efè newo-konpòtmantal
- Lenfòm ki pa Hodgkin
- Toksisite ren
- Sklewodèma
- Maladi Parkinson

Veteran ki elijib pou swen sante dapre Lwa 2012 Camp Lejeune ka enskri nan swen sante VA epi resevwa sèvis medikal pou nenpòt nan 15 kondisyon sante ki kouvri yo, ak uit kondisyon andikap gratis.

Pou w enskri nan swen sante VA, aplike nan <https://www.va.gov/health-care/how-to-apply/> oswa rele 1-877-222-8387 pou jwenn èd. Enfòm anplwaye VA ke ou te travay nan sèvis aktif nan Camp Lejeune pou omwen 30 jou pandan peryòd tan ki garanti a.

Ranbousman swen sante manm fanmi an

Manm fanmi depandan Veteran yo ki te abite tou nan Camp Lejeune pandan peryòd kalifikasyon an elijib pou ranbousman depans medikal yo pa t dwe peye ki gen rapò ak nenpòt nan 15 kondisyon sante ki kouvri yo. Yo ka peye ranbousman pou reklamasyon medikal pou swen jiska dezan anvan dat aplikasyon pou benefis yo. VA kapab peye sèlman pou depans tretman ki rete apre peman nan lòt plan sante w yo.

Aplike sou Entènèt pou ranbousman nan <https://www.clfamilymembers.fsc.va.gov/> oswa rele 1-866-372-1144 pou èd.

Ki kalite prèv mwen ka soumèt ak aplikasyon mwen an?

- Dokimantasyon ki montre yon relasyon depandan legal ak yon Veteran ki te sèvi nan Camp Lejeune, tankou yon lisans maryaj oswa yon sètifika nesans.
- Dokiman ki montre ou te rete nan baz la pou 30 jou oswa plis ant 1ye Out 1953 ak 31 Desanm 1987, tankou kopi òdonans. VA gen dosye lojman debaz yo, men yo ta aksepte plis prèv.
- Dokimantasyon ki montre ou te peye depans swen sante pou yon kondisyon ki kouvri oswa yon maladi ki te koze pa kondisyon ki kouvri.

Pou enfòmasyon rele

Swen Sante VA 1-877-222-8387

Benefis VA 1-800-827-1000

**Swen Sante Fanmi CL
1-866-372-1144**

Konpansasyon andikap pou Veteran

Depatman Afè Veteran yo te etabli yon sipozisyon koneksyon sèvis pou uit kondisyon ki asosye ak ekspozisyon a kontaminan yo nan rezèv dlo a nan Camp Lejeune, N.C. Kondisyon sa yo te detèmine apre yon revizyon nan literati syantifik ak medikal sou efè sante ki gen rapò ak kontaminan ki konsène yo nan Camp Lejeune.

Sipozisyon an aplike pou manm sèvis aktif, rezèv, ak Gad nasyonal ki ekspoze a kontaminan nan rezèv dlo nan Camp Lejeune pou omwen 30 jou ant 1^{er} Out 1953 ak 31 Desanm 1987, epi ki pita devlope youn oswa plis nan uit kondisyon sa yo:


- Lesemi adilt
- Aplastik anemi ak lòt
- sendwòm myelodisplastik
- Kansè nan blad pipi
- Kansè nan ren
- Kansè nan fwa
- Myelom miltip
- Lenfòm ki pa Hodgkin
- Maladi Parkinson

Kounye a, se pou kondisyon sa yo ke VA te detèmine gen ase prèv syantifik ak medikal pou sipòte koneksyon sèvis prezime; sepandan, VA pral kontinye revize enfòmasyon ki enpòtan sou lòt kondisyon yo lè yo vin disponib.

Si yo dyagnostike yon Veteran genyen youn nan kondisyon sa yo, VA prezime ke sèvis Camp Lejeune li te lakòz maladi a, epi yo ka bay konpansasyon pou andikap.

Egzijans prèv

Veteran yo dwe soumèt dosye ki montre ou te sèvi nan Camp Lejeune oswa MCAS New River pou omwen 30 jou (kimilatif), ant 1^{er} Out 1953 ak 31 Desanm 1987, nan yon sèvis aktif, rezèv, oswa kapasite Gad Nasyonal.



Prèv medikal la dwe montre ou genyen yon maladi sou lis kondisyon ki gen rapò ak Camp Lejeune.

Kijan pou aplike pou benefis andikap yo

Aplike sou entènèt lè w itilize eBenefits. Deklare sou aplikasyon w lan ke w ap ranpli pou youn nan prezime maladi nan Camp Lejeune.

- Mete prèv sèvis nan Camp Lejeune pandan peryòd ki nesèsè a.
- Bay prèv medikal ki montre dyagnostik ou.

Pou plis asistans ou ka travay avèk yon reprezantan oswa youn ajan akredite oswa, ale nan yon biwo rejyonal VA epi pale ak yon anplwaye VA. Ou ka jwenn biwo rejyonal ki pi pre w sou paj Lokalizatè Etablisman nou an nan <http://benefits.va.gov/benefits/offices.asp>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aplike ak pou jwenn konsèy sou fason pou asire reklamasyon w lan pare pou l trete pa VA, vizite paj sou fason pou nou aplike nan <https://explore.va.gov/disability-compensation>.